



This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by [UNESCO](#) and the [Council of American Overseas Research Centers \(CAORC\)](#) in cooperation with the [West African Research Association](#) and [Columbia University](#).

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: <http://catalog.crl.edu/search~S16>
- African Language Materials Archive (ALMA): <http://www.dlir.org/e-books.html>
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at <http://alma.matrix.msu.edu>.



SUUXAT

SÉY AK JAMONO
MAN AYDA, SAAM NJAAY
NDOGAL
MBËGGEEEL
DËJU KÀCCIRI
TAALIBE
SAYTU
SËRIÑU BËCCËG
JIWAALO
BENN TÀNK
GARAB
SAMA XEL LAFANUL
CAYTU

SEY AK JAMONO

*Man xale bu jigéen bi
Maay waxtaan ak sama waajur.*

Yaakaar ngeen ni séy
Moo di sama itte
Moo di sama xalaat
Moo di sama jemukaay
Ci kēru àdduna.
Maa ngi nii ci saxaaru waañ wi
Ci màtt mi, ci safara si.
Def ngeen ma mbindaan.
Ngeen ni duma góor,
Warumaa jàng,
Séy moo di sama garab.

Samay waajur,
Jamono dafa tëradi,
Dafa toogul ci benn bërëb.
Jamono dafa ame ay tànk,
Day dox.
War ngeen a dox ni moom.
Su dul loolu, réccu mooy ñam
Wu ngeen di jébbal seen njaboot.

Jigéen laa
Waaye xel moom,
Du góor du jigéen.
Dees koy jëmbët, suuxat ko,
Mu am ay tóor-tóor,
Jur ay doom.

Sama baay, sama ndey,
Xel nee na : du góor du jigéen.
Lu tax ngeen koy tuumaal
Bëgg ma nekk nag
Wu ngeen di yeew ci gëtu waañ ?
Ellëg, sama xol dina naqadi
Ci xàjjatle googu.
Seen baat bu ñaaw ba :
Góor-jigéen.

Xel dafa ngunungaana !
Yàlla dina ko jébbal
Képp ku mu sopp
Góor mbaa jigéen.

Yéen kay
Yéena xamul ni démb faatu na
Ba ñu sànge ko ak perkaal,
Suul ko, jébal ko Boroomam. Jamono ju ne
Laaj na doxalin wu yees.

Tey góor bala muy sawar
Nekk ak jigéen,
Mu indi ni moom
Ay xéewal ci kër gi.
Lépp lu góor di doxal,
Jamono wone na ni
Jigéen mën na def lu ni mel
Walla lu ko raw.

Xel sunu sàmm
Nee na ma ma jàngì,
Wuti ay mébét, liggéey,
Su ma béggee tekki ëllëg
Te duma xaar góor gu may fase
Su keru noppam xasanee.

Samay waajur
Tàggu naa leen, maa ngi jàngì,
Maa ngi liggéeyi.
Waañ wi jamono tēj na ko,
Sànni caabi ji ci géēju :
SUNU JAMONO

MAN AYDA, SAAM NJAAY

Man, Ayda, Saam Njaay...

Jàng ci làkku réew mi
Suuxat na sama xel
Suuxat na sama dund
Suuxat na sama askan
Suuxat na sama diggante
Ak sama boroom kër
Suuxat na samay mébét
Ba mën naa saytu
Lépp lu ñu ma dénk.
Suuxat na sama diggante
Ak sama Boroom
Ak sama moroom.
Suuxat na
Sama digganteek àdduna
Xamal ma jamono.

Jàng ci làkku réew mi
Sàkkal na ma pexe
Ba ma am wolukaay.
Sosai na ma néegu wér-gi-yaram.
Suuxat na sama tool
Ba ma am ay garab
Yu bari te wuute -

Maa ngi dunde seeni doom.
Noor ak nawet.

Jàng ci làkku réew mi

Suuxat na sama xel.

Ba ma mēna doxal sama dëkk.

Jéemaatumaa nirook nasaraan

Solob Tugal dootul sama seetu,

Suma royukaay, suma itte.

Maa ngi nii

Di nàmp sama xam-xamu réew

Di suuxat samay aada

.Ba ñu méngook jamono.

Jàng ci làkku réew mi

Tax na ba ma mēna dénc

Li fi maam bàyyiwoon

Yootu ci li am njariñ

Bàyyi li ciy lore

Te dëppoowul ak sama jamono.

Maa ngi bind samay

Léebi maam ya ak caxam ya

Sàkk ab téere, sos ag kàggu,

Dencal ko ëllëg xale yi

Ñu jariño ko ci seeni daara

Suuxat seen xel ak seen xol

Fas yéeneé moom seen bopp,
Mën seen bopp, fonk seen bopp,
Suuxat seen àdduna.

Jàng ci làkku réew mi
Bég naa ci sag ñëw tey jii
Ci sama kër.
Dinaa la ganale ba nga jaaxle.

Wëlbëti nga sunu jamono.
Siggil nga nu, suuxat nga nu.
Tey jii dinaa la beerndeel.

Jaaraama làkki réew mi.
Bul leen fi jógati ba fàww.

NDOGAL

Jamono, war na laa suuxat.
Ñi ñeme seen Boroom bare nañu.
Lu xew, ndogalu Yàlla la.

Kiy jël gune gi, bàyyi ko ci tali bi, Oto fël
ko, mu ne :
" Ndogalu Yàlla la. "
Mbaa du ndogalam ?

Kiy jébbal dundu kërëm
Jeeg bu taatu bi,
Ne njabootam xaa lisam dafa réer,
Gisul payooram, ne :
" Ndogalu Yàlla la. "
Mbaa du ndogalu bänneexam?

Kiy maye doomam
Te laaju k'o xalaatam ci séy bi,
Xale bu jiéen bi daw, mu ne :
" Ndogalu Yàlla la. "
Mbaa du ndogalu kiliftéefam?

Kiy yeb ñaar fukki nit ci otoom
Ñu tañcaloo ni ay xar

Musiba dal leen, mu ne :

" Ndogalu Yàlla la. "

Gaaweleen ma,

Mbaa loolu du ndogalam?

Kiy jël alalu buur

Xiifloo ay junniy-junniy baadoolo

Ni ay fer ñoo ko ko teg

Bëgga gëmloo jamono,

Ni : " Ndogalu Yàlla la. "

Ma ni loolule,

Du ndogalu bëgg-bëggam?

Kiy bàyyi kër jabaram

Ji uufoon njabootam,

Di aawoom,

Amul kóllëre,

Dëkk kër ñaareelam,

Ne : " Ndogalu Yàlla la, "

Loolule du ndogalam ?

Du loolu la tànn ?

Ki wara liggéeyi,

Nekk yaafus jël alalam

Jox ko doktoor

Ngir mu may ko ay fan

Mu baña liggéeyi,

Ne : " Ndogal la. "

Loolule du ndogalam ?

Ndogal, tey ma suuxat la.
Sama Boroom dafa rafet,
Jëfam rafet, yéeneem rafet,
Ndogal, maam nee :
" Yàlla, Yàlla bey sa tool. "

Ndogal, tey ma suuxat la.
Ba dootoo lor kenn,
Ba kenn dootul sañ
Di la taafantoo,
Nga mujj doon takkandeer
Ba dootoo am jëmm.

CÉY NDOGAL !

MBËGGEEL

Mbëggeel...

Maa ngi lay wër

Alfune alfuney at,

Nga ne mes.

Xamuma foo dugg

Fan moo di sa kër

Fan moo di sa réew

Sa der, lan lay niroot.

Mbëggeel...

Bëgg naa nga dellusi

Suuxat xol yi ak xel yi.

Fase, ñew na ci jamono ji

Ne dangaa réer.

Xamal na doomi aadama yi ni

Doo dellusi.

Moone mbëggeel...

Maa ngi lay wër

Ci dekk yi, ci réew-tax yi,

Ci kow gi.

Nit ñi xamal ma ni da ngaa toxu

Gëj nga fi.

Waaye, man, dinaa la wër

Ndax sama Boroom moo la sàkkoon

Ngir nga woyofal
Diggante jigéen ak góor
Diggante nit ak moroomam
Diggante xeet yi
Diggante réew yi.
Ci liggéeyukaay yi
Soo fa ñewul
Dara du dox.
Ku nekk day jaay moroomam
Doole mën-mën ak kiliftéef.

Mbëggeel...
Sa garab yi, ràgg nañu,
Tóor-tóor yi, daanu nañu,
Dara dootu fi meññati.

Mbëggeel...
Maa ngi lay wër
Ndax yaay géej gi
Yaay dex gi
Yaay tefes gi
Yaay ndox mi
Yaay suuf si
Yaay alal ji
Yaa di ruuwu jamono ji.

Mbëggeel...

Maa ngi lay wër

Ndax yaa di yonnent bi njëkk

Ci àdduna.

Yaa ci wara mujj itam.

Mbëggeel...

Maa ngi lay wër.

Gànnay yi, bare nañu.

Ku mën sa moroom

Won ko ko.

Ñenn ñi di xiifal

Di lor ñeneen ñi.

Mbëggeel...

Soo dellusee

Xel yi booloo, nekk benn.

Soo dellusee

Xol yi jaxasoo, nekk benn.

Mbëggeel...

Foo nekk ?

Ci man réew laa la mēna seeti ?

Démb, sama ndey

Ma ne ko : " Damaa bëgg nekk ak

Benn bantu Maam Yàlla. "

Mu ne ma : " Nasaraan. "

Ma ne cell, xam li ma xam.

Mbëggeel...

Maa ngi lay wër.

Ñu ne ñaar ñi bëggante,

Seen diggante mënul nekk

Ndax xale bu góor bi maaboo la.

Mbëggeel,

Foo nekk léegi ?

Ndax géer nga ?

Géwél nga ? Tëgg nga ?

Foo samp sa mbaar ?

Mbëggeel...

Mbaa du dangaa mere dunyaa bi,

Fase jamono ji ?

Mbëggeel...

Saa su jent bi suuxee,

Dinaa di dem ca tefes ga

Jàkkarlo ak géej gi

Di la teertu subaak ngoon,

Guddi ak bëccëg

Te duma tàyyi muk.

Jaral nga ma sama bàkkan,

Sama ruu.

Guddi, biddéew yi di fecc sabar,
Woddoo ay béccoo di woy,
Ni ma dinga ñew.
Weer wi ni ma
Ci taaram bu doy kéeman bi,
Dinga ñew.

Mbëggeel...
Maa ngi lay wër fu ne.
Xey na tase naak yow
Te xamewuma la.
Mën naa am itam
Danga may nëbbatu.

Mbëggeel...
Fukki at a ngi nii
Tawul ci sama xol
Garab yi ci newoon, dee nañu.
Gàncax gi itam noonu.

Mbëggeel...
Yaa mēna suuxat sama xol
Ngir ñu dundaat.
Xolu àdduna bi itam
Yaa di ndoxam.
Soo ko suuxatul,
Tóor-tóor yépp faatu,

Bekkoor bi lor nu.

Mbëggeel...

Kañ ngay dellusi ci kow suuf ?

Diggante doomu aadama

Ak mala yi

Yaa ko mēna defar.

Nit ak dugub,

Yaa ko mēna rattaxal

Diggante jullit ak yéeféer

Yaa ko mēna rafetal.

Mbëggeel...

Yaa di caabi

Ju mēna tijji bunt yépp.

Yaa di boole

Ku weex ak ku ñuul,

Jaam ak géer.

Mbëggeel...

Yaa am doole !

Léjal nga ma ay guddi,

Mënumaa nelaw, mënumaa gént,

Mënumaa xandoor.

Nga lor ma,

Ma toog ci sa buntu kër di la xaar

Nga dàq ma, ni ma :

Sama doom laa tàll, mu ngi nelaw.

Demal !

Lëjal nga ma, sonnal nga ma

Xamuma lu tax nu daje !

Génnal sama kër!

Neel mott.

Mbëggeel...

Maa ngi topp sa takkandeer

Yaakaar gis la

Waaye réer nga ma.

Mbëggeel...

Kuruus yi, kaala yi,

War nañu laa seetsi,

Nga dénk leen sa ruu

Kenn baña lëjal kenn

Kenn warul yaakaar ne

Moo moom dëgg.

Mbëggeel...

Maa ngi lay wër.

Gis naa la ci kanamu xale bii

Di sama doom,

Ci kanamu-kanami

Xaley àdduna bi yépp.

Ñaan nañu la

Nga suuxat jamono ji

Yeene yū rafet yépp àntu.

Biig ci guddi,

Tase nañu ci Somoona

Nga may ma doole,

Fit, xel, muñ.

Ni ma fii dara saxu fi

Ci àdduna bi.

Ñëwaatnaa

Man mbëggeel

Ngir nit xam ni

La nu maam waxoon dëgg la :

Nit moo di garabu nit.

DEJU KACCIRI

Kàcciri, mu ngi nii sol yu ñuul
Di téñj tey jii gàcceem
Giirudundam.

Jigéen ñi, fippu nañu.
Dégluleen jàmbaar ja tēdd ca Kawlax :
Warugar wu jéggi dayo
Bokk nga ci sama tiis.
Aada sànge nga ma
Juróom-ñaari meetari perkaal.
Goro yaa ngi nii di cuuraay sama néew
Bég ci sa gàcceg doom.
Nijaay, gis nga sa dóor
Di gas sama bàmmeeel.
Jigéen ñi ñoo ma sang
Ci digg péncu jamono,
Suul ma ci seen sēg,
Di sēgi yërmande: seen ween.

Ku ma seetsi ci sama bàmmeeel
Doo ma fi fekk.
Dekki naa ba ngemb jigéen ñi,
Ba kàcciri janook man, la gàddaay,
Toxu fi ba fàww.
Góor ñi nàbb seen kurus

Tekki seeni geño.
Mënuñu maa jullee.
Mbir mi, dinañu ko seetaat.
Fen wi yàgg na ba bijjaaw.

Jigéen du mbaam sēf.
"Nijaay, su yar doon yare, mbaam yaru."
"Ku ew sa teg, duma la wax dara.
Soo noppee, doo ma ko teg."
Ñaari baat yooyu
Bokk nañu ci sér yi wodd sama xel.

Jigéeni réew mi,
Dénk naa leen sama bopp.
Dàbbleen sama néew ci mbeddi réew mi
Ak ci àdduna bi bépp.
Ngalaa bu benn jigéen faatooti ni man.
Su leen góor ñi nootatul
Su ñu leen mayee cër,
Dinaa bég ci fi ma tēdd ci seen ween.

Deewuma.
Maa ngi dund
Ci seen xel ak ci seen xol.
Kàcciri moo dee.
Moom la jigéen ñi suul
Ci Kawlax ak ci réew mi mépp.

TAALIBE

Samay waajur gunge ma
Ba ci bunti kër gi
Tuur ndox mu sedd
Ñaanal ma.
Ma ganesi la,
Nga dëkkal ma Safara,
Bëgga dëkkal sa bopp Ajjana,
Solal ma ay sagar
Di ma laaj alal suba ak ngoon.
Xaalis doon samay saar
Samay araf, sama àlluwa,
Yelwaan doon sama sëriñ
Liw bi di ma kuntaaba, di ma mbej
Sama xel dëkk ci yetu kel
Ragal sàng ko, mu pitim, gumba.
Yelwaan doon yet wu koy gindi
Ci mbeddi saari alxuraan yu sell yi.
Kàcciri, sedd, lay, sagar, xiif, mar,
Yelwaan, doon samay waajur,
Ragal doon sama maam, sama ndey.
Ndaxam mën na maa jàng
Te duma yelwaan.
Daara, jàngu bu rafet la,
Nga tabaxe ko dóor, saaga,
Kucceel, kaata, wonj.

Ganejilmbëggeel
Mu may la ndox, suuf, ban -
Nga tabaxe leen
Sunu sàkkuwaayu xam-xam bi.
Sëriñ, sama ñaq, sama coono,
Sama xiif, sama tumurànke,
Mbaa dinaa la mēna baal
Sa yenn jëf yi ?

Jàngal ma ngir taxawal xam-xam.
Jàngal ma ngir daaneel xamadi.
Jàngal ma ngir yonnent bi
Li mu ma digaloon
Ma wëri xam-xam ba Siin.
Tumurànke, dina ma xamal àddina,
Waaye su ma la toppee
Nga def ma waruwaay
Nga def ma xëy ak gont,
Sama liggéeyukaay di sama mbàttu.
Yow, ngay xayma xaaalis bi rekk
Di lekk bàkkaar.
Jàngal ma ngir sama Boroom.

Bul sampati sa njël ci man,
Sa paasu Màkka ci sama toroxte.
Yàlla moo la sant nga tabax sama xel
Ci réewu mbëggeel.

Man taalibe, dinaa xaacu ni jaxaay
Ni muy xare fajar gi.
Dinaa nodd ci sama xelu sërĩñ
Sama naqar.
Ku nekk war ngaa sànni sa kàddu
Ci sama tiis.

Waaye man taalibe,
Dundin wu bees laay sàkku.
Sama Boroom, may na ma ko démb
Maa ko wara xeex
Ak képp ku am yërmaande.
Soppi, jural na ma àlluwa ju bees
Ci garabu xay guy doora juddu :
SUNU JAMONO.

SAYTU

Saytu, fonk naa la
Ni garab, ni ndox, ni pepp.
Saytu, yaa di caabiy àddina.
Tey jii xayma sunu dund,
Wareef la.

Saytu, yaa di jent,
Saytu, yaa di ruug bépp mébét.
Nu ngi newoon ci lëndëm
Nga jébbal nu leer
Ak ay juntuwaay yu am solo.

Saytu, waa kow gi gërëm nañu la.
Dootuñu jaami bor
Ak ñàkka denc.

Saytu, yaa suuxat
Dundinu waa kow gi.
Saytu, yaa suuxat xelu beykat bi
Ba dootul yàq alalam ci neen.

Saytu, yaa jàllarbi
Nekkinu waa àll bi.

Saytu, yaa tabax këru noflaay.
Waa kow gi def nañu la jàngu
Fal nañu la buur,
Folli : " Su ma xamoon ! "

Kenn dootu leen nax.

Fu dërëm dugg, xam nañu ko.

Fu fiftin réer, yëg nañu ko.

Lu mébét indi, lu mu yóbbu

Xam nañu ko.

Ndax yaa leen may xel moomule

Ba ñu mēna sàmm seen dund.

Saytu, ku la suuxat

Nga féexal àddunaam,

Doon kilifaam gu wóor.

Ku la ñàkk tey jii, torox.

Saytu, waa kow gi

Tàllal nañu la seeni yoxo

Ngir suuxat la, nga suuxat leen

Nga doon seen garab

Gu leen di fajal bépp jàngoro.

Saytu, waa kow gi

Taxaw nañu temm ci sa keppaar Ne yaay

seen jàmm.

SĒRIÑU BĒCCĒG

Nga ne sa waxtaan
Moo di kaamil ba, yonnent ba,
Amatoo soxla
Ci sunu àdduna si.
Nga taglu, kurusu.

Ku la gis ne : " Waajaa ngoog. "

Guddi, ndeke dangay war mbaam
Xaritook seytaane.
Ma gis la ngay raay ab jàñq,
Naan ko : " Sa pooj yi ni lem. "

Népp wóolu la
Jébbal la jàkka ja
Nga ne doo nuyu jigéen bëccëg.
Guddi, nga jox ko ñaari yoxo,
Ba sukkal ko.

Ma ne la :
Kii du Sëriñ Demba Nemmalì Fer ?
Nga ne ma : Naam !

Gàcce yeew la ba nga ne ñodd
Ci géeku toroxte.

Ñu jiiñ la emb,
Folli la Elimaan
Sañatoo yedd kenn.
Sa bopp nga daan nax
Mënuloo nax Yàlla
Moom mi sàkk xel.

Ajal sa kurus ak sa kaala
Jéema yéemu ci sa Boroom
Baña nax sa moroom.

JIWAALO

Salaatu, ma jéggi sama boroom kër
Jubal géej, nuyook lay bi ak ngelaw li.
Keccax, yéet, tàmbajen,
Ñoo ma siggil.

Seen xet ñooy sama bakkan,
Ñoo wëlbëti sama jamono.
Xaaratuma góor gu may jox njël,
Maa yore sama bopp ak sama njaboot.

Sama liggéey, su noppee ci tefes gi,
Ma jubal ca taax ma
Fa ma daan denc samam njaay
Te tey jii taax-moomu
Di sunu sàkkuwaayu xam-xam,
Sunu daara juy jëmmal di taxawal,
Di siggil làkki réew mi.
Gune yi, ñu ngi nàmp
Ci sama ween ak sama ñaq.
Daara ji moom, di suuxat sama xel,
Doon sama ndey
Ju may nàmpal xam-xam ba ma màndi.

Maa ngi nii ngembu di bëre
Ak sama jamono
Di ko daan, mu may daaneel

Waaye li wóor ba wóor mooy
Samay gët, su ñu dajee
Ak yu sama boroom kër,
Duma sëgg.

Soxla su ne këcc ni jomm
Ma faj ko, te duma ko xaar.

Ma ne, salaata ma dem ca tefes ga
Ca sama nemmali ak sama cuuraay :
Keccax... yéet... tàmbajej...

XEL AK KACCIRI

Xel ak yar,
Dañoó dalandoowoon daara,
Bés bu nekk, kàcciri di sonnal xel, Di ko
dóor, di ko saaga, di ko lëjal, Di ko pamti-
pamtee,
Di ko def jaam, di ko def dag.

Benn bés, xel sonn, toxu.
Saar wu ko seetsi, mu dàq ko,
Mu fàtte ko, mu gëdd ko,
Ba noppi, gedd ko.

Seriñ jaaxle loolu.
Mu seet lan moo tax
Xel ak kàcciri juboodikoo.
Di xuloo di ñaayoo
Ci anam wu nekk.

Kàcciri xelal ko, ne ko :
" Bàyyl ma gàddaay,
Jóge ci daara ji.
Su xel féexee
Ma sooga ñëwaat.
Bàyyi ma ma tukki. "

Sëriñ ne ko :

" Su dee looloy saafara si,

Demal ! "

Ba yar bàyyeeko ca daara ja,

Xel di mokkal ay saaram

Bés bu nekk.

Gëstu doon kilifaam,

Xel sawar bés bu jot,

Mu bey ci toolu xam-xam

Lu doy kéeman.

Sëriñ jaaxle ci cawarte

Ak xam-xamu xel.

Mu laaj ko : " Lu xew ? "

Xel tontu ko : " Am jàmm ju doy,

Nekk ci sama noflaay,

Moo tax may nàcc

Di xelli, di naan ba màndi

Ci bépp déegu xam-xam. "

Xel ne : " Kàcciri ak man

Mënuñu bokk lekk

Néeg, kër, dëkk, réew.

Sëriñ, tee nga waxtaan ak man

Te bàyyi di jëfandikoo kàcciri. "

Léegi lépp rafet,

Ma wàcc junni yoòn alxuraan.

BENN TANK

Sama Boroom, sàkkal ma ñaari tànk
Nga def ma lafañ ci sa xel,
Dagg sama tànk
Yót ko waa péncu jëw,
Ñu saam ko
Di ko may waa koñ bi
Ci ndabu tuuma.

Yow miy gor, moone sa deret
Mu ngi daw ci sama yaram.
Sama ndey, jaam lawoon.
Nite, liggéey, màndu,
Yërmànde, bokk, dëgg
Duñu gor, duñu jaam.

Maa ngi ni di gis sa làmiñ soppiliku jaasi
Di dog sama tànk.
Deret ji di walangaan, di rogaan.
Nettali, fen ak jëw,
Say dëmmi pénc yooyu
Di ko naan bay màndi
Yót ma ay beeke.
Sa xel nàbb sama tànk
Tojat ko ci këru démb.
Moone jóge naa ci géer

Nga ni damaa rax.
Tànnuma sama ndey,
Tànnuma sama baay.

Sama Boroom, jikko lay àtte suba.
Sama Boroom, jëf ju rafet
Moo di juddu bu rafet ci moom.
Suma xoolee sama bopp, gis ñaari tànk
Sant sama Boroom.
Suma seetoo ci sa xel,
Gis sama benn tànk bi dog.
Sa xel sampu ci démb,
Tey, séen naa say doom ci sama kër.
Nga tere leen,
Ñu të, jaxasoo ak samay waa kër.
Suñu ñaari kër yi,
Mbëggéel nee na ma
Ay beeke dinañu fa bari.
Nee na, moom itam, tegg la.
Dina defar ay beeke
Ba ñu ne gànñ
Boole xol yi
Soppi xel yi
Fóot leen, fudd leen
Ba benn xale dootul lafañ
Yore ay beeke ci ètu xel
Ci kèru démb.

Céy mbëggeel !

Sa ndox mu sell mi

Moo mēna jagal lépp lu tilim...

GARAB

Yow, nga ñew démb, gor ma.
Moone, sama ker
Yàgg naa féexal sa xel de
Bégal sa xol.
Man garab,
Noo ma mēna tiime ak sa jaasi
Di ma gor ?
Xanaa xamuloo ni
Damaa am bàkkan ni yow
Damaa am ruu ni yow ?
Yàlla dafa maa sàkk ni yow.
Yow, doom-aadama
Noo bokk genn geño.
Yàlla moo nu sàkk,
Boole nu, may la xel
Ngay jéfandikoo sa doole
Di ma lor.
Tawul, xiif sonnal say doom
Lor sa njaboot.
Nga ne : " Yàllaa ko dogal. "
Juum nga.
Sa jef ju ñaaw rekk lañu la fey.
Yàlla taar la
Ci biir ak ci bitti.
Lu ñaaw taxu koo jóg.

Man garab,
Maa ngi lay laaj, yow nit ki
Lu tax démb nga taal àll bi,
Daay gi bóom samay doom ?
Nga delluwaat sa kër
Jéemuloo fey lakk gi.
Man garab, yaa ngi may daaneel
Bés bu nekk, saa su nekk.
Soo ma soxlaa
Dootoo ànd ak sa xel ak sa sago,
Danga may rey donɲ, seetoo èllég.
Sama njariñ moone ràññee nga ko.
Waaye yow nit ki
Dangaa yaru ak sa sago,
Boo sottalee ci lëf
Nga sànni ko.
Béréb yépp ay sën lañu.
Yaa xamadi, yaa yareediku.
Moo ! Foo bàyyi sa xel ?
Man garab, sama ker
Moo indi noflaay,
Mooy suuxat àdduna bi.
Gannaaw Yàlla, maa waral taw bi.
Boo ma dimbalee
Di ma jox ndox may nàmp,
Lépp naat, jamano neex.
Man garab,

Boo ma sàngeewul sutura,
Ma lor la
Xale ya xiif
Bekkoor bi lëjal la
Toroxal la
Musiba seetsi la, gëdd la,
Tuumaal la,
Ni la : " Yaa boom Garab !"
Sanc naa kër ci sa sutura.
Sa ñaawtéef yépp
Dinañu xàwweeku.
Man garab,
Sama Boroom
Yónni na Jibril démb, ne :
" Yow nit ki, nga seetaat
Sama digganteek yaw,
Ma di la suuxat
Nga di ma suuxat,
Adduna bi naat..."

SAMA XEL LAFAÑUL

Yow miy dox di dem,
Bu ma sànni xoolin woowu
Ak sa baat boobu :
"Ndeysaan, dafalàggi!"
Duma sèn.
Bu ma jàppe mbalit.
Sama xel mu ngi doxantu,
Di tëb, di daw, di xalangu,
Di wëri xam-xam,
Di wut mën-mën, di daw yalwaan
Ak ay ñaawteefam.
Sama xel, dina xéy, di gont
Ci këru àdduna
Di ma may njël, dund, alal.
Yow, bu ma teg genn-wàllu nit.
Boroom alal yi,
Suñu ñëwee ci réew mi,
Bu ma nèbbati.
Nëbuma, duma tàmbajen :
Doomu-aadama laa.
Sama xel nee na ma biig ci guddi
Soxlawul beeke,
Yet, amalu ko njariñ.
Mu ngi dox, di tukki
Di jël ropiaan di jël kàddu

Ci xew-xewi àdduna bi yépp.
Bu ma ni ndeysaan
Duma genn-wàllu nit
Te ngeena tabax daara yi,
Ma sàkku ci xam-xam.
Te ngeena tëral yalwaan
Ni xarum Tabaski.
Tàggale yaram wi ak bopp bi.
Ndeysaan, mbootu mu ñaaw la,
Jef moo takku.

Begg naa jariñ sama réew
Saytu sama dund, aar sama bopp.
Di dëmm boobu, nóoxóor boobu,
Ñuy wooye ndeysaan.
Sob ma ci géeku mbëggeel
Ak gu xam-xam
Ma dox léegi
Jiite réew mi
Doole dagu xel.
Xel, dem na ca weer wa
Dem na ci jaww ji
Tabax na ay kër yuy nuyoonteek asamaan.
Xel bëggul ku ko sarax
Day wut ku ko teete,
Gindi ko, jàngal ko.
Yow mi di dox ak sa ñaari tànk,

Yaa lafañ.

Sa ndeysaan jooju

Moo di sa beeke.

Dimbali ma, duma sën.

Nit laa, duma bàyyima.

Bu ma dëkkal ngalla

Ci kërug yalwaan.

Ci tabaxkati réew mi

Laa fas yeenee bokk.

Duma lafañ

Maa ngi dox, di daw,

Di fóot sa xel, di ko fudd.

Dinaa xeex ba nga jàppe ma

Ni sa bopp.

Daara laay sàkku,

Jàng mooma taxa jóg.

Jëf moo ma boot, teete ma,

Nàmpal ma, jox ma ay jumtukaay,

Ni ma : Bul nangoo des gannaaw.

CAYTU, SUNU KERU DEMB,
TEY AK ELLEG

Man Seex Anta Jóob,
Loo may tuddee daara ju mag ji,
Loo may tuddee mbedd mu mag mi,
Siiw naa boobee.
Ngóor, liggéeyu jóoni-jóoni
Taxumawoona jóg.
Nit ku ñuul laay sargal
Ba fii ma tēdd ci Caytu.
Mbokk yi dinañu jóge Amerik
Ñii Tugal, ñii ci réewi Afrik yi
Di ma siyaaresi.
Sama soxna dina indi samay doom
Ñu tabax màkkaan mu mag fii ci Caytu.
Man, Seex Anta, ba ñu ma sàngee
Juróom-ñaari meetari perkaal
La ma sama jēf yéege
Ba ca juróom-ñaareelu Asamaan.
Tuuti ngeen ci neenal,
Ci màbbal samay xalaat,
Walla di suuxal samay téere.
Elleg moo ma taxoona jóg.
Ba ma sama Boroom moomee laa ni :
" Damay ganesi sama maam ba fàww
Fii ci Caytu. "

Réewu taax mēnuma faa noppalikoo.
Bu leen ma def ni xeer wu nekk ca màkka
Walla béréb bu nekk ca Rom.
Dénk naa leen gēstu, di ruuwu xam-xam.
Ku nekk war ngaa bay sa waar
Ci liggéey bi.
Duma yonnent.
Xalaat, xam-xam ñoo masa doon
Sama ndékki, sama reer, sama añ.
Moo tax masumaa fande mbaa deñe
Maa nga woon waxtu wu ne IFAN
Di doxantu, di daw, di sonn,
Di jël ropiaan yi nekk ci sama xel
Ngir nemmeekuji réewi xam-xam ya.
Njabootu firawna gu nekk,
Xàmmante naa ak yow
Ba ràññee say mbóot.
Ci pénc yi, nasaraan yi di ma xeex,
Te xam ne duma sēgg.
Xam-xam moo ma siggil.
Pénc mu nekk,
Boroom xam-xam yiy jéfandikoo der,
Ne damaa ñuul,
Dañ may suul, ñu të.
Sama deru xalaat dafa ñuul,
Mboq, xonq, weex,
Ba noppi jéggi der.

Misira, fa laa bàyyikoo
Sooga ñew ci àdduna.
Egypt, moo ma xamal boppam
Jébbal ma ko.
Suma doon waxtaanee réew moomu,
Ñu naan damay léeb.
Misira moo ma boot
Teg ma ci kaw taaxam yooyu.
Wàcce ma, du yomb.
Baal ma " Akkaademi" bu Tugal
Daf maa tuuti ci seede.
Èllëg, xale yi dinañu waxtaan, àtte nu.
Dina leer ni mu ma leere
Fii ci sama bàmmeel.
Sama jëf moo di sama jant.
Baal ma, xëccoowuma siiw,
Jàng ci làkki réew mi
Moo gas sama bàmmeel
Suul ma ci xolam.
Wolof, Pulaar, Soninke, Séeréer
Ñoo gàddu seen kurus, ñaanal ma.
Kàggu gaa ngi nii ci Caytu.
Su tostanee, ma dugg àjjana.
Kon bu ma jooy !
Kon bindal téere yi !
Ay malaakay yërmande
Wàcc fii ma tēdd,

Jàng ci làkki réew mi.

Sàmpal sa kër ci sama bàmmeeel ba fàww.

Deewuma, seetsi ma Caytu

Ma dooleel la.

Soo mënula ñew, xalaat ma,

Di nga gis ci sa xel.

Man, Seex Anta, ma ni liggéey rekk

Moo mēna siggil nit ku ñuul.

Baal leen ma, maa ngi ñibbi Caytu

Guddina.

Elleg, dinaa leen seetsi

Ci sama kēru téere yi :

GĚSTU.

LIIRU SIDAA

Ma ganesi àdduna,
Sidaa rewle ma,
Ngenté ma ci sèg
Nàmpal ma ci perkaal
Tette ma ci èttu musiba,
Samay way-jur, dundu naqar gii,
Lu ngeen ma ko tegee ?
Ni maa ngi ganesi àdduna ci benn saa
Ci beneen ba maa wara wuyuji sama
boroom...
Ndax war ngeen ma woo ci dunyaa bii ?
Sama giiru dund,
Sama yéré, sama fowukaay, sama léeb,
Sama làngaaburi, sama woy, sama
banneex

Sama naqar...
Maa ngi nii, ci àllaaxera,
Dinaa xamal àdduna bi
Samay way-jur ni bala ngeen di sëy
War ngeen seet seen bopp kër doktoor...
Ni samay way-jur
Mbootu perkaal,
Weenu àllaaxera
Gènalul benn liir.

SAMA GENN-WALL DÉGLU MA

Nga dégg ni amenaa sidaa
Nga buub njaboot gu sew gi
Ñaan ma baat

Jébbal ma wéetaay
Amatuma doole juma xee xe feebar bi
May Om, sama yaram di jeex
Ma sóobu ci géeku xalaat
Lab ci duusu naqar wa
Sama jabar, moone dara jotu la
Moone xale yi men nañoo mucc.

Ca jàkka ja
Fa mbaxane doonee benn
lanu sunu boroom boolewoon
Lu tiis, lu naqari, lu neex,
war nanu koo mena bakk
jèlal sa baat
Ngor tukki na
Kolléré sàñku na,
Soo ma wéttaliwoon
Su ci sunu boroom àndee
Sama fan gena gudd

Lii moo tax may naqarlu, sa gaddaay gii

Dama bëgg, képp ku ame jàngoro ji
Ñu bañ laa teg dëmm
Tam la
Ber la ni gejj
Nar lay jébbal bàmmel
Ta jotagul
Sama jabar, sa baat, jël ko
Yewi naa la
Te yeew sama naqar
Xale yi dinanu ñu àtte ëllëg
Sa jëf rafet na
Maanginelawi...

KADDU DERET

Manderet,
Jiwu jàngoroy sidaa yab na ma
Yow miy doktoor
Buma sol ci doomu aadama
Te wóoluwóo ma
Te settantaloo ma
Te gëstuwoo ma
Ngóor, sàggan nga
Bul di pikiirooti
Te tàgguwoo farmasi
Ngir mu tàgg la ngënëel
Pusó "sëringal" bopp sa bopp
Man deret, xam naa ni
Ku ëmb te amewoon ma
Dinaa tëral sa doom
Jébbal ko boroomam
Man mungaas fasenaa waraalu
Maa ngi yem ci benn doomu aadama
Su noppee jébbal ma sën
Ma rasuwaar nodd ci jàkka ji

Ku nekk na indaalewaale
Rasuwaaram, lañseetam
Su noppee sànni ko ci sën
Càngante gu wootal sidaa

Am na lu ko gën
Man mungaas, bo raasuwaar
Lañseet dee ma ci sama cet
Ndoxum " sawel"
Yow nit ki bàyyi xel ci
lépp lu ñam, lu ma mēna
indi man deret

Wu am solo : sidaa, balaa bu juddu
Ci sunu jamono, bu kenn warul nëbb
Ñépp war nañu cee jël kàddu
Ci digg bëccëg, ci digg pénc.

Man tàggu naa leen,
Sama nijaay bóom na ma
Sama dee dina mën a aar dundu
Ay junniy junniy jigéen
Siggi naa, sama ruu am na njariñ
Jigéen ñi duñu xarooti.

JEFERUB SIDAA

Man sidaa,
Ab dëmm laa,
Ab nooxor laa

Samay gééji deret ñu ngiy baawaan ci
àdduna bi

Samay sèg ñu ngi sampu ci dunyaa bi
Képp kuy bàyyima dinaa la faat

Nga ni saytaane moo di sama baay
Xamal kon ni nit moo di sama ndey
Ni moo ma ëmb juróom ñeenti weer
Sukk jur ma ci jamono ju lëndëm ji
Lan loo ma mēna jéng ?

Xeltu ak ay pexeem ñoo
Di sama cat ñoo di sam mbañ
Ndax kaala nañu seen yaram
Fonk ko, japp ci seen junniy yoxo
Fatal dénkaaneb yónnent bi
Nee na am na xare bu gēna metti
Xare Badar : Man sa bakkan...

Man sidaa ku dul wēreelu
Ku yem ci jabaram

Duma la tudd, duma la taas
Te duñu xamante ba mukk
Maa di man sidaa
Saytaane su taaru, su rafet
Waaye yaram wu ma dajeel bóom la
Seeñu say yax; naan sa yuq
Ku ma jàpp nga nēbbu, di nga nēbb, om,
dee...

Saa suma ñewee séen kër
Indil naa léen perkaal
Man sidaa xeltu moo ma mēna daaneel
Séen jamono jii dinaa ci faat lu bari
Menuléen seen bopp ?

Booba ba léegi kenn indeegul sama saafara
Ndax bānneex jar na bāmmeel ?

Man Sidaa képp ku ma jàpp
Dina la toroxal ba noppi, sogg lay ray
Ngem, cet ci biir ak ci biti
Baña doon bàyyima moo mēna dàq
Yow mii ci sa kër
Man Sidaa
Dinaa jéng njaaloo, fonkloo la sa yaram
Dénk naa la xeltu walla bāmmeel, yaa ci
des.

Wu am solo : sidaa, balaa bu juddu
Ci sunu jamono, bu kenn warul nëbb
Ñépp war nañu cee jël kàddu
Ci digg bëccëg, ci digg pénc.

Man tàggu naa leen,
Sama nijaay bóom na ma
Sama dee dina mën a aar dundu
Ay junniy junniy jigéen
Siggi naa, sama ruu am na njariñ
Jigéen ñi duñu xarooti.

JEFERUB SIDAA

Man sidaa,
Ab dëmm laa,
Ab nooxor laa

Samay gééji deret ñu ngiy baawaan ci
àdduna bi
Samay sèg ñu ngi sampu ci dunyaa bi
Képp kuy bàyyima dinaa la faat

Nga ni saytaane moo di sama baay
Xamal kon ni nit moo di sama ndey
Ni moo ma ëmb juróom ñeenti weer
Sukk jur ma ci jamono ju lëndëm ji
Lan loo ma mēna jéng ?

Xeltu ak ay pexeem ñoo
Di sama cat ñoo di sam mbañ
Ndax kaala nañu seen yaram
Fonk ko, japp ci seen junniy yoxo
Fatal dénkaaneb yónnent bi
Nee na am na xare bu gēna metti
Xare Badar : Man sa bakkan...

Man sidaa ku dul wēreelu
Ku yem ci jabaram

Duma la tudd, duma la taas
Te duñu xamante ba mukk
Maa di man sidaa
Saytaane su taaru, su rafet
Waaye yaram wu ma dajeel bóom la
Seeñu say yax; naan sa yuq
Ku ma jàpp nga nëbbu, di nga nëbb, om,
dee...

Saa suma ñewee séen kër
Indil naa léen perkaal
Man sidaa xeltu moo ma mēna daaneel
Séen jamono jii dinaa ci faat lu bari
Menuléen seen bopp ?

Booba ba léegi kenn indeegul sama saafara
Ndax bānneex jar na bāmmeel ?

Man Sidaa képp ku ma jàpp
Dina la toroxal ba noppi, sogg lay ray
Ngem, cet ci biir ak ci biti
Baña doon bàyyima moo mēna dàq
Yow mii ci sa kër
Man Sidaa
Dinaa jéng njaaloo, fonkloo la sa yaram
Dénk naa la xeltu walla bāmmeel, yaa ci
des.

NDAX YARAM DINA GUMBA ?

Sama giiru dund amuma yëg-yëg
Sama yaram, gumba
Aada jébbal ko yet
Jébbal ko yet wu ko gindi
Ci mbedd yu rëb
Yu sunu jamono jii
Sama yaram gumba, ay gëtam duñu gis
mukk, duñu seen mukk réewum banneex
Sama giiru dund.
Sama yaram të.
Du yëg. Sama yaram ni tekk
Aada muur ko, ew ko
Ci tekkaayam ak cellaayam
Sama giiru dund,
Soo ma raayee ma mel ni doj
Sama deret tukki
Samay siddit ganeji jawwu ji
Aada, jébbal ma yet
Ma koy wër ci kërú démb
Ma nekk ci lëndemyetu aada rot
Ma dégg sama doom di jooy
Ni ma : leer gaa ngi nii
Sama jamono ray na aada
Yaay, sama yaram dina gis,
Dekk ci kërú bannëex.

DERET

Nasaraan bi, bu ma reetaan
Duma golo,
Yaa ngi nii jongal sama koom-koom
Deret ji nga tuddee ko dewaaliyaasiyon
Samay way-jur, aada day juddu
Màgg, màgget, dee
Xeltu diis na jamono
Ni man xale bu jigéen bi
Soo ma jongalee
Man na maa yóbbu barsàq
Mettit wi tiis na te diis na
Samay way-jur, démb daje naa
Ak jigéen ju amul yëg-yëg
Mu sàngoo deretu téegëlam
Samay way-jur, mën na maa
Denc samag ndaw, ma sëy, di cagatu,
Samay way-jur yar leen ma
Ci won ma àdduna
Ba suma leen gisul
Mën na maa aar sama bopp
Samay way-jur suma xarafee
Sama yaram tē, luu, gumba doon doj,
tetaanos yab ma
Samay way-jur suma sañoon
Ñu waxtaan ak jamono ak xeltu, jantub

aada boobu

Di jàngal xale yu jigéen yi, naani na géej

Duma nasaraan

Méngale aada ak doxalinu jamono

Wareef la

Su aada taxawee

Ma dem sama yoon

Te duma ko xaar

TAF

Nga jël samay ween
Muur seeni gët
Yeew seen yëg-yëg ba ñu ni jodd
Nga jongal ma, deret ji di walangaan
Sama deret ni tekk
Sama kóolute des
Nga fas yéene
Tëj ràpp sama bunti yaram wépp
Xanaa wóoluwóo jongal gi rekk
Ana xel ak xam-xam ?
Ana jom, ana ngor, ana diine
Xanaa wóoluwóo jongal gi rekk
Ani xel ak xam-xam
Ani jom, ani ngor, ani diine
Xanaa aar sama bopp
Mënul meññ ci sa yaram
Nga jongal ma, tuur sama deret
Nga jébbal ma góor keppi ma
Tuuraat sama deret
Sa bàyyima laa walla sa doom laa ?
Samay way-jur, jamon tey jii
Dafa boole góor ak jigéen
Kóolute, xam sa bopp,
Moo mēna aar jigéen
Kóolute, xam sa bopp,

Moo mēna aar jigēen ci jamono jii
Jongal ma, taf ma taxu maa mucc
Démb deena, mēn nañoo jébbal mbaaxam
Kon boog, kippi ma, bu ma jongal
Xamaloo ma sama bopp
Yar ma, tette ma, aarlooo ma sama bopp
Xanaa xamoo ni ci sama jamon ji
Mēn na maa sey ak góor
Di naan ay doom te doo ci xam dara
Won ma yoon
Ma gindi sama bopp
Xamal ni, jamono ak ay pexe
Teppi nañu ma boobee